

## PWEN DISKISYON SOU VAKSEN COVID-19

- Nou ankouraje atoutfòs pou manm 1199 yo pran vaksen COVID-19 la, paske nou kwè li se yon zouti ki enpòtan anpil pou pwoteje fanmi nou yo, tèt nou, epi pasyan, rezidan ak kliyan nou yo pandan n ap lite pou mete yon fen nan viris mòtèl sa a.

- Sendika a pa soutni yon kòmandman otoritè pou vaksen an. Nou konnen travayè swen sante yo se vwa moun fè plis konfyans osijè pwoblèm lan, epi yo byen ekipe pou fè pi bon chwa ki posib pou fanmi ou yo.

***Li pral pèmèt nou tout rekonekte avèk timoun nou yo, pitit pitit, granparan, ak tout fanmi nou yo.***

nou sou enfòmasyon ki soti kay doktè ak syantis ou ka fè konfyans ki te egzamine etid ki gen ladan plis pase 70,000 moun Ozetazini.

- Nou rekonèt istwa rasis ak diskriminasyon medikal ki genyen nan Peyi nou an, men nou pa kwè pwoblèm sa yo te jwe okenn wòl nan devlopman oswa distribisyon vaksen sa a.

- Apre sa nou tout te wè pandan nèt mwa ki sot pase yo, risk ki gen si ou PA pran vaksen an depase anpil nenpòt risk ki gen nan pran vaksen an.

- Efè segondè yo rapòte yo, tankou doulè nan kote yo fè piki a, lafyèv yon lè konsa ak kèplen se bagay minim yo ye epi yo pa dire lontan. Efè segondè sa yo sanble ak efè ou santi apre ou fin resevwa vaksen kont grip la.

- Vaksen an se chemen nou genyen pou tounen nan lavi nòmal. Li pral pèmèt nou tout rekonekte avèk timoun nou yo, pitit pitit, granparan, ak tout fanmi nou yo.

- Nou konnen manm nou yo gen kesyon enpòtan, epi nou rete pare ak dispoze pou reponn kesyon sa yo, ansanm ak Medsen Anchèf 1199 lan, Doktè Dunn.

- Nou kwè tou gouvènman an gen yon responsablite pou li gen transparans epi dispoze pou bay enfòmasyon yo. Nou pran angajman pou bay manm nou yo enfòmasyon ki pi resan yo amezi yo vin disponib.

- Nou konprann gen kèk enkyetid konsènan vitès yo te pran pou devlope vaksen an. Premye tès yo te montre ke vaksen an san danje epi li efikas. Rekòmandasyon sendika a baze sou egzamen



# FASON POU KÒMANSE YON KONVÈSASYON AVÈK MANM YO KONSÈNAN PRAN VAKSEN AN

Kòmanse avèk yon kesyon konsènan sa manm yo tande ak kijan yo santi yo apwopo vaksen an. Konprann pozisyon yo aktyèlman konsènan si pou pran vaksen an (Wi, Wi, men se pita, Poko deside, Pwobableman Non, Non).

Nan yon ton “enfòmasyon w ap kominike”, enfòmè manm yo sou de (2) pozisyon kle Sendika a:

- a.** Sendika a rekòmande pou ou pran vaksen an;
- b.** Depi nan kòmansman diskisyon byen bonè sou vaksen an, Sendika a te deklare aklè ke desizyon pou konnen si wi ou non y ap pran vaksen an se nan men chak manm li ye, epi okenn travay oswa òganis leta pa kapab fòse w pran li.

Ou ka al gade Kesyon Moun Poze Souvan yo oswa Pwen Diskisyon ki atache yo pou reponn nenpòt kesyon ke manm yo ka genyen oswa enkyetid yo gendwa souleve.

Ou kapab ajoute tou ke Prezidan Gresham, Doktè Dunn, Barack Obama, ak Doktè Fauci pral pran vaksen an.

Finalman, voye manm yo sou sit entènèt Sendika a ak Benefit Funds ki genyen Kesyon Moun Poze Souvan, ak repons ke Doktè Dunn te bay. Yo kapab poze kesyon anplis tou sou sit entènèt sa yo.

